



Solid Waste Management
2525 NW 62nd Street, Suite 5100
Miami, Florida 33147
T 305-514-6666

miamidade.gov

11 out 2025

Chè rezidan Konte Miami-Dade,

Nou ekri w pou fè w konnen Depatman Jesyon Dechè Solid Konte Miami-Dade (DSWM) ap fè yon odit kounye a pou rekonsilye kont ramasaj dechè rezidansyèl yo. Efò sa a gen objektif pou asire ke kantite inite rezidansyèl ki parèt nan dosye nou yo koresponn avèk enfòmasyon ke Biwo Evalyatè Pwopriyete (PA) Konte Miami-Dade la konsève.

An akò avèk Seksyon 15-23 nan Kòd Konte Miami-Dade la ak Òd Aplikasyon 4-68 la, DSWM kalkile frè ramasaj dechè fwaye dapre kantite inite rezidansyèl jan PA a klase yo. Nan kad pwosesis rekonsilyasyon sa a, DSWM ap revize evalyasyon pwopriyete yo pou verifye presizyon kantite inite yo aplike nan chak kont.

Si yo idantifye diskrepans ant dosye DSWM yo ak done PA a, biwo nou an ka kontakte ou pou li jwenn klarifikasyon. Divèjans sa yo ka lakòz ajisteman nan frè ramasaj dechè rezidansyèl ou yo pou reflekte kantite inite ki kòrèk la.

Nou ankouraje w pou w revize detay pwopriyete w la avèk Biwo Evalyatè Pwopriyete a pou asire ke tout enfòmasyon yo egzak epi ajou. Ou ka kontakte biwo PA a nan PaWebMail@miamidade.gov oubyen nan (305) 375-4712.

Si ou gen nenpòt kesyon oswa enkyetid konsènan pwosesis rekonsilyasyon sa a, tanpri kontakte Mesye Raul Trabanco nan raul.trabanco@miamidade.gov oswa ou ka kontakte biwo nou nan (305) 594-1630.

Nou apresye koperasyon ou pandan nou ap travay pou kenbe dosye egzat epi asire pratik faktirasyon ki egzak.

Sensèman,

Aneisha Daniel, PhD

Direktè

